



Office for People With Developmental Disabilities

KATHY HOCHUL
Gouvènè

WILLOW BAER
Komisyonè Enterimè

Janvye 3, 2025

Chè Responsab Legal,

Biwo Eta New York pou Moun ki gen Andikap Devlopmantral la (New York State Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD) ap patisipe nan yon sondaj ki rele *Sondaj an Pèsòn sou Endikatè Debaz Nasyonal (National Core Indicators, NCI)-Andikap Entelektyèl oswa Devlopmantral* (Intellectual or Developmental disability, *IDD*). Sondaj sa a fèt atravè peyi a pou evalye sèvis adomisil ak sèvis kominotè yo. Yo pral itilize sondaj la pou amelyore kalite sèvis OPWDD ofri yo.

OPWDD ap travay ak **Vital Research** pou fè sondaj NCI la. Sondaj la pral poze moun k ap resevwa sèvis OPWDD kesyon sou sèvis yo resevwa ak sou fason sèvis sa yo satisfè bezwen yo.

Yo te idantifye w kòm responsab legal yon moun ke yo te chwazi owaza pou sondaj la. Yon moun nan Vital Research ka rele w ant mwa janvye ak jen pou diskite sou sondaj la. Si oumenm ak moun k ap resevwa sèvis la dakò pou patisipe, anketèyo pral pwograme yon dat pou rankontre w atravè Zoom pou yon konferans videyo. Ou ka itilize yon esmatfòn, tablèt oswa òdinatè pou entèvyou a.

Si w chwazi patisipe, ou ka rejwenn entèvyou a epi ede w reponn kèk nan kesyon yo. Gen kèk kesyon ke se sèlman moun k ap resevwa sèvis yo ki ka reponn yo dirèkteman. Si w panse yon lòt moun ka bezwen reponn kèk kesyon nan non moun k ap resevwa sèvis la, tanpri fè anketè a konnen si yo rele w.

Sondaj la volontè epi sesyon sondaj la ta dwe dire ant 45 ak 60 minit. Oumenm oswa moun k ap resevwa sèvis yo ka refize patisipe nan sondaj la oswa sispann li nenpòt ki lè. Respè vi prive moun nou ede yo enpòtan pou nou. Repons yo ap rete konfidansyèl epi yo p ap pataje yo ak pwofesyonèl swen sante w yo, manadjè swen w nan oswa lòt moun. Sondaj NCI la p ap chanje okenn nan sèvis yon moun resevwa.

N ap tann avèk enpasyans pou nou pale avèk ou sou sondaj sa a. Pou aprann plis, ou ka vizite sitwèb la nan www.vitalresearch.com/newyork/nci. Si w gen nenpòt kesyon oswa ou ta renmen plis enfòmasyon, tanpri kontakte **Vital Research, sou nimewo apèl gratis la, nan (888) 351-4147 oswa pa imèl nan NYNCIPProject@vitalresearch.com.**

Sensèman,

Tamika R. Black, Ph.D.
Komisyonè Adjwen
Divizyon Estrateji ak Jesyon Done